

# Jan Resansman 2020 an va envite tout moun reponn



Chak kay va gen opsyon pou reponn sou entènèt, pa lapòs, oswa pa telefòn.

Prèske chak kay va resevwa yon envitasyon pou patisipe nan resansman 2020 an swa nan men yon travayè lapòs, swa yon travayè resansman.



**95%** kay va resevwa envitasyon resansman yo pa lapòs.



**Prèske 5%** kay va resevwa envitasyon resansman yo lè yon pèsònèl resansman an pase bay li. Nan zòn sa yo, majorite kay sa yo ka pa resevwa lapòs dirèkteman (tankou kay ki itilize bwat postal oswa zòn, pat lontan sa, ki te gen dezaz natirèl ki te afekte yo).



**Mwens pase 1%** va gen yon pèsònèl resansman an ki va vini konte moun nan kay la dirèkteman lakay yo olye yo voye envitasyon pou reponn poukont yo. Nou fè sa nan kote ki rekile tankou kèk kote nan nò Maine, lwen nan Alaska, ak nan kèk kote ameriken endyen mande pou konte yo an pèsòn.

Nòt: Nou gen pwosedi espesyal pou konte moun ki pap viv nan kay ak rès fanmi yo, tankou etidyan ki ap viv nan lojman inivèsite yo, oswa moun ki san lojman.

# Jan Resansman 2020 an va envite tout moun reponn



## Sa w dwe espere nan lapòs la

**Lè moman an rive pou reponn, pifò kay va resevwa yon envitasyon pa lapòs. Chak kay va gen opsyon pou reponn sou entènèt, pa lapòs, oswa pa telefòn.**

Tou depann de kapasite zòn ou an pou reponn sou entènèt, ou va resevwa swa yon envitasyon ki ankouraje w reponn sou entènèt swa yon envitasyon ansanm avèk yon kesyonè sou papyè.

### Lèt Envitasyon

- Majorite zòn nan peyi a ka reponn sou entènèt, kidonk majorite kay va resevwa yon lèt ki mande w ale sou entènèt pou ranpli kesyonè resansman an.
- Nou gen plan travay avèk sèvis lapòs Etazini pou òganize livrezon envitasyon sa yo sou plizyè jou. Konsa nou kapab fè repatisyon kantite itilizatè ki ap reponn sou entènèt yo, epi n ap kapab sèvi w pi byen si w bezwen nou ede w pa telefòn.

### Lèt Envitasyon ak kesyonè sou papyè

- Zòn ki pa gen twòp posibilite pou reponn sou entènèt va resevwa yon kesyonè sou papyè ak tout envitasyon yo. Envitasyon an va gen ladan tou enfòmasyon sou kijan pou reponn sou entènèt oswa pa telefòn.

## BAGAY NOU VOYE PA LAPÒS YO

Nan dat oswa ant	Ou va resevwa:
<b>12-20 mas</b>	Yon envitasyon pou reponn resansman 2020 an sou entènèt. (Kèk kay va resevwa kesyonè sou papyè.)
<b>16-24 mas</b>	Yon lèt rapèl.
	<b>Si w poko reponn:</b>
<b>26 mas - 3 avril</b>	Yon kat postal rapèl.
<b>8-16 avril</b>	Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papyè.
<b>20-27 avril</b>	Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papyè.

## Nou konprann ou kapab rate lèt inisyal nou voye pa lapòs la.

- Tout kay ki poko reponn va resevwa rapèl, epi yo va resevwa evantyèlman yon kesyonè sou papyè.
- Kèlkeswa envitasyon inisyal a, kèlkeswa jan ou jwenn li---nou va fè swivi pèsònèlman avèk tout kay ki pa reponn.

# Jan Resansman 2020 an va envite tout moun reponn




Chak kay va gen opsyon pou reponn sou entènèt, pa lapòs, oswa pa telefòn.

Prèske chak kay va resevwa yon envitasyon pou patisipe nan resansman 2020 an swa nan men yon travayè lapòs, swa yon travayè resansman.



**95%** kay va resevwa envitasyon resansman yo pa lapòs.



**Prèske 5%** kay va resevwa envitasyon resansman yo lè yon pèsònèl resansman an pase bay li. Nan zòn sa yo, majorite kay sa yo ka pa resevwa lapòs dirèkteman (tankou kay ki itilize bwat postal oswa zòn, pat lontan sa, ki te gen dezaz natirèl ki te afekte yo).



**Mwens pase 1%** va gen yon pèsònèl resansman an ki va vini konte moun nan kay la dirèkteman lakay yo olye yo voye envitasyon pou reponn poukont yo. Nou fè sa nan kote ki rekile tankou kèk kote nan nò Maine, lwen nan Alaska, ak nan kèk kote ameriken endyen mande pou konte yo an pèsonn.

Nòt: Nou gen pwosedi espesyal pou konte moun ki pap viv nan kay ak rès fanmi yo, tankou etidyan ki ap viv nan lojman inivèsite yo, oswa moun ki san lojman.

# Jan Resansman 2020 an va envite tout moun reponn



## Sa w dwe espere nan lapòs la

**Lè moman an rive pou reponn, pifò kay va resevwa yon envitasyon pa lapòs. Chak kay va gen opsyon pou reponn sou entènèt, pa lapòs, oswa pa telefòn.**

Tou depann de kapasite zòn ou an pou reponn sou entènèt, ou va resevwa swa yon envitasyon ki ankouraje w reponn sou entènèt swa yon envitasyon ansanm avèk yon kesyonè sou papyè.

### Lèt Envitasyon

- Majorite zòn nan peyi a ka reponn sou entènèt, kidonk majorite kay va resevwa yon lèt ki mande w ale sou entènèt pou ranpli kesyonè resansman an.
- Nou gen plan travay avèk sèvis lapòs Etazini pou òganize livrezon envitasyon sa yo sou plizyè jou. Konsa nou kapab fè repatisyon kantite itilizatè ki ap reponn sou entènèt yo, epi n ap kapab sèvi w pi byen si w bezwen nou ede w pa telefòn.

### Lèt Envitasyon ak kesyonè sou papyè

- Zòn ki pa gen twòp posibilite pou reponn sou entènèt va resevwa yon kesyonè sou papyè ak tout envitasyon yo. Envitasyon an va gen ladan tou enfòmasyon sou kijan pou reponn sou entènèt oswa pa telefòn.

### BAGAY NOU VOYE PA LAPÒS YO

Nan dat oswa ant	Ou va resevwa:
<b>12-20 mas</b>	Yon envitasyon pou reponn resansman 2020 an sou entènèt. (Kèk kay va resevwa kesyonè sou papyè.)
<b>16-24 mas</b>	Yon lèt rapèl.
	<b>Si w poko reponn:</b>
<b>26 mas - 3 avril</b>	Yon kat postal rapèl.
<b>8-16 avril</b>	Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papyè.
<b>20-27 avril</b>	Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papyè.

### Nou konprann ou kapab rate lèt inisyal nou voye pa lapòs la.

- Tout kay ki poko reponn va resevwa rapèl, epi yo va resevwa evantyèlman yon kesyonè sou papyè.
- Kèlkeswa envitasyon inisyal a, kèlkeswa jan ou jwenn li---nou va fè swivi pèsònèlman avèk tout kay ki pa reponn.